



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PWOJÈ REZILYANS NAN BROAD CHANNEL

*Eta New York nan ap oryante responsabilite pou adapte ak chanjman klimatik nou an nan Queens*

*Mezi preparasyon yo anplas kounye a pou kenbe kouran san danje nan kote ki enpòtan yo pandan ak apre gwo tanpèt*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman pwojè modènizasyon rezilyans 5.5 milyon dola nan Broad Channel, yon zile ba nan Jamaica Bay. Gouvènè Adjwen an Brian Benjamin te rewjenn Biwo pou Rekiperasyon Apre Katastwòf Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR), Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards, ansanm ak lòt lidè kominotè ak ofisyèl eli yo pandan seremoni pou kouperiban epi selebre finisman envestisman sou plizyè ane a. Pwojè Biwo pou Rekiperasyon apre Katastwòf Gouvènè a genyen ladan I gwo amelyorasyon pou fè Pòs Lejyon Ameriken 1404 Broad Channel la ak Klèb Atletik Broad Channel la, de sant kominotè enpòtan anpil ki te ede nan efò rekiperasyon apre Gwo Tanpèt Sandy a, kapab reziste pi byen kont pwochen tanpèt ak evènman ijans yo.

"Plizyè fwa, New York te resevwa pi move efè chanjman klimatik la," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou angaje pou adapte epi ranfòse enfrastrikti eta nou an pou prepare pou nenpòt sa Manman Lanati pote sou wout nou. Ak finisman pwojè rezilyans Broad Channel la, Sid Queens ak sant kominotè zòn vital yo ap pi an sekirite epi kapab bay Nouyòkè yo sèvis yo bezwen yo pi byen lè katastwòf frape."

**Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare**, "Mwen kontan jodi a pou kouperiban sou Pwojè Rezilyans Broad Channel la, yon akimilasyon plizyè vil, eta, ak patnè federal te reyini ansanm pou abòde ravaj Sandy te lage sou Nouyòkè yo. Chanjman klimatik la isit la, epi youn nan enpak ki pi ravajè nan efè a se efè tanpèt la k ap monte sou katye tankou Broad Channel. Ak envestisman 5.5 milyon dola sa, Eta a ka asire pwoteksyon òganizasyon kominotè enpòtan yo pi byen, ki enkli Klèb Atletik Broach Channel ak Lejyon Ameriken an."

Broad Channel, sèl zile ki pa abite nan Jamaica Bay, gen tandans pou inondasyon epi li te youn nan zile ki te pi afekte gravman pa Gwo Siklòn Sandy. Kominote a te gen pèt lavi, lojman, ak enfrastrikti. Pon ki konekte Broach Channel ak tèritwa Queens lan te

fèmen, ki te kite rezidan yo echwe sou zile a akoz vag siklòn yo te vlope li nan wotè sis pye ak inondasyon ki soti nan Rockaway Inlet pa dèyè. Pandan tanpèt la, Lejyon Ameriken ak Klèb Atletik la te sèvi kòm pwen rasanbleman enpòtan pou rezidan yo pou ede youn lòt epi distribye manje ak founiti — malgre domaj tanpèt la te aflike sou etablisman sa yo.

**Direktè Egzekitif GOSR Katie Brennan te deklare**, "Klima nou an ap chanje, epi gwo tanpèt yo rive pi souvan, jan yo te raple nou nan kòmansman sezon otòn sa lè Ida te fè ravaj nan Queens ak toupatou nan New York. Atravè pwosesis ki oryante sou kominate sa alabaz, GOSR ap ede asire ke sant kominate vital sa yo rete espas ki an sekirite ke rezidan Broad Channel o depann de yo, epi ke yo kapab bay resous ki enpòtan ak asistans pou rekiperasyon nan ka gen pwochen tanpèt."

Eleman kle envestisman pou rezilyans GOSR la genyen ladan l:

- Enstalasyon jeneratris bakòp pèmanan ki leve pi wo pase nivo inondasyon an nan toulede etablisman yo. Jeneratris yo ap demare otomatikman lè li nesesè epi yo ekipe ak vantilasyon inondasyon ak deteksyon fuit.
- Konstriksyon yon novo biling nan espas rankont, kapasite estokaj, ak ekipman kouran nan Klèb Atletik la, pou pèmèt etablisman an bay sèvis soulajman deyò.
- Enstalasyon pòt ki rezistan ak inondasyon nan Lejyon an ansanm ak sistèm mekanik ak elektrik ki leve pou ede evite koupi pandan evènman inondasyon yo.
- Modènizasyon nan sistèm chofaj, vantilasyon, ak è kondisyone nan Lejyon an pou etablisman an ka aji kòm yon sant chofaj/frechè pou kominate a pandan move tan ekstrèm yo.

Pwojè a te konplete nan patenarya ak Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY).

**Prezidan ak PDG DASNY an, Reuben McDaniel III, te deklare**, "Nou fyè pou kolabore ak GOSR sou pwojè Broad Channel la, ansanm ak moun toupatou nan eta a, ki enpòtan anpil pou pwoteje epi rekonstui zòn ki afekte pa move tan. Nou rekonesan ak Gouvènè Hochul pou sipò kontini li pou inisyativ enpòtan sa ak angajman li pou ranfòse kominate yo atravè New York."

**Senatè Chuck Schumer te deklare**, "Yon deseni apre pi move tanpèt nan listwa Eta nou an, Ouragan Sandy, finisyon Pwojè Rezilyans Broad Channel la asire ke kominate sa pi solid fas ak tanpèt ak inondasyon alavni yo," Lidè Majorité Sena a, Charles E. Schumer, te deklare. "Nou dwe kontinye fè envestisman ki odasye nan rezilyans pou kominate nou yo ka reziste ak tanpèt ki deplizanpli puisan k ap frape eta nou an, ki alimante pa chanjman klimatik la. Mwen fyè pou travay deprè ak Gouvènè Hochul ak Majistra Adams pandan n ap goumen pou rekonstui yon New York ki pi solid, pi rezistan."

**Reprezantan Gregory Meeks, te deklare,** "Vil New York kontinye eksperimente evènman klimatik grav k ap frape zòn Jamaica Bay la fò. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou finisman pwojè GOSR la, k ap ede Jamaica Bay reziste pi byen kont tanpèt alavni yo. M ap kontinye travay ak kòlèg travay yo nan nivo federal pou asire ke finansman ki soti nan Pwojè Lwa Bipati pou Enfrastrikti Prezidan Biden lan ale nan zòn tankou Jamaica Bay pou kontinye efò rezilyans yo."

**Senatè Eta a, Joseph Addabbo Jr., te deklare,** "Seremoni pou koupe riban sa se rezon pou selebrasyon isit la nan Broad Channel. Ouragan Sandi te frape kominote sa fò, epi pou nou kapab di kounye a ke nou gen mezi ki pi rezistan anplas, sa vle di ke y ap kapab pwoteje pi byen kont tanpèt alavni. Mwen vle remèsyé kominote Broad Channel la pou pèsistans yo pou mete mezi sa yo anplas, ak Gouvènè Hochul ak tout ajans gouvènman yo ki te travay pou fè pwojè sa avanse. Mwen pa ka tann pou travay pi devan isit la nan Broad Channel pou pote plis mezi rezilyans pou kenbe kominote sa ak rezidan li yo an sekirite."

**Manm Asanble Stacey Pheffer-Amato te deklare,** "Gwo tanpèt Sandy a te detui kominote nou an. Se te yon wout pou rekiperasyon ki te long, men nou te gen yon fon ini epi nou te travay ansanm pou atenn reyalizasyon sa. Nou rekonesan pou sipò solid Gouvènè Hochul pou rekiperasyon apre katastwòf la, epi nou konnen ke Biwo Gouvènè a pou Rekiperasyon apre Katastwòf la ap kontinye travay ak moun rezistan nan Broad Channel yo ak tout lòt kominote ki afekte pa tanpèt dramatik sa yo."

**Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr. te deklare,** "Soti nan Gwo Siklòn Sandy rive nan Ouragan Ida, Queens twò abitye ak enpak chanjman klimatik ki devaston ka genyen sou kominote ki vilnerab tankou Broad Channel. Queens konnen tou enpòtans efò rezilyans tankou sa yo pou defann kont nivo lanmè a k ap monte ak tanpèt alavni yo. Lè nou aire ke Pòs Lejyon Ameriken 1404 Broad Channel la ak Klèb Atletik Broad Channel la, de sant enpòtan nan kominote Sid Queens lan, pi rezistan kont inondasyon, gouvènman an ap pran yon apwòch ki pwoaktif pou sipòte epi abilité fanmi Broad Channel la si ak lè yon lòt gwo tanpèt frape. Remèsiman pou Biwo pou Rekiperasyon apre Katastwòf Gouvènè a pou efò li isit la nan Minisipalite Mond lan."

**Manm Konsèy Joann Ariola te deklare,** "Felisitasyon pou Komite Planifikasyon Broad Channel la ak Kominote Broad Channel la pou yon travay ki byen fèt!"

### **Konsènan GOSR**

GOSR te etabli nan mwa jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee. Atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising (NY Rising Housing Recovery), pwogram Ti Bisnis yo, pwogram Rekonstriksyon Kominotè, pwogram Enfrastrikti ak pwogram Rekonstriksyon apati Konsepsyon li yo, GOSR ap envesti 4.6 milya dola nan Sibvansyon Global Developman Kominotè federal-Finansman pou Rekiperasyon apre Katastwòf yo pou pi byen prepare New York pou move tan ekstrèm yo. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou <http://stormrecovery.ny.gov/>.

Grask ak Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising (NY Rising Community Reconstruction, NYRCR) lan ak Pwogram Enfrastrikti yo, Eta a pran yon seri inisyativ ki devlope pandan pwosesis planifikasyon kominotè asandan li pou amelyore rezistans, pwoteje enfrastrikti enpòtan, diminye risk pèt ak domaj ki asosye avèk katastwòf alavni epi redui difikilte.

Kounye a nan faz aplikasyon an, GOSR travay avèk yon seri patnè minisipal, konte ak san bi likratif pou reyalize plizyè santèn pwopozisyon ki konsevwa nan nivo lokal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)